

Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprezante tèt ou nan Tribunal

Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm jidisyè kab gen anpil konfizyon epi li ta yon bon lide pou angaje yon avoka si w kapab. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram Sèvis Legal konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn la sou liy oswa nan paj jòn anye telefonik la anba "Legal Aid oswa "[Legal Services](#)".

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asosyasyon bawo ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans Avoka ki fè pati Bawo Konte a kab founi w ak tout non avoka ki nan zòn ou an, ki dispoze jere tip ka w an an patikilye epi tou ki pafwa takab ba w yon konsiltasyon a pri redwi.

Genyen tou yon seri òganizasyon avoka minorité atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere type de ka espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribunal Siperyè a yon lis tout sèvis referans avoka ki enkli tout òganizasyon sa yo.

Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprezante tèt ou poukont ou nan tribunal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribunal la. Ou oblige obeyi tout Règleman tribunal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribunal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribunal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribunal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribunal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.

- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribunal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribunal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribunal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribunal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribunal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.